



**Deklarasyon Enpak Ekite:
Amanman Kennedy Academy Charter School**

Tit: Demann Renouvèlman Kennedy Academy Horace Mann Charter

Dat: 6/21/2022

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite](#) Rasyal la? Wi Non

Si repons lan se wi, antre dat (yo) nan REPT reyinyon ak lyen pou ranpli REPT isit la: _____

Èske yon manm nan Divizyon Inegalite Ekite, Estrateji, ak Opòtinite te revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime / Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta ou swete nan pwopozisyon an/efò tankou elimine disparite yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv BPS ak fanmi yo (gwoup prensipal yo enkli moun ki nwa, Latino ameriken, Azyatik, endijèn, imigran ki pale plizyè lang, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Akademi Edward M. Kennedy pou karyè lasante (EMK) se yon preparasyon pou kolèj ak lekòl segondè pou elèv Boston ki anvizaje yon pwofesyon ki gen rapò ak sante. Akademi an bay yon anviwònman aprantisaj favorab ki ankouraje respè ak divèsite. Elèv yo atenn konpetans vi yo bezwen pou yo vin manm pwodiktif ak pozitif nan sosyete a. EMK ap kontinye baze sou vwa ak eksperyans nan kominote a ki enplike nan tout faz pwosesis desizyon yo.</p> <p>EMK te fonde nan ane 1995 pou bay opòtinite san pwoblèm pou timoun Boston yo jwenn aksè nan resous edikatif vil la nan pwofesyon sante yo. Jodi a EMK fè patenarya ak Brigham e Women's Hospital, Mass. Lopital Jeneral ak lòt pwofesyonèl lasante kominote a bay anpil opòtinite aprantisaj nan eksperyans yo ki konsantre sou karyè elèv nou yo.</p> <p>Kennedy Academy prepare jèn yo pou ansèyman siperyè estrik ki nesè pou pwofesyonèl lasante. Elèv nou yo gen difikilte pou yo atenn tout potansyèl yo chak jou nan klas la ak nan aktivite ki deyò pwogram eskolè yo. Elèv yo prepare pou reyalize rèv yo pou yo vin doktè, enfimyè, chèchè, ak travayè sosyal ki pral fòme divès pwofesyonèl lasante alavni.</p> <p>EMK ap chèche apwobasyon Komite Lekòl la pou l soumèt aplikasyon pou renouvèlman lisans li bay Depatman Edikasyon primè ak segondè (DESE) pou yon lòt manda senkan. Aplikasyon Renouvèlman an diskite sou pwogrè nou pandan senk dènye ane yo epi idantifye priyorite pou pwochen manda konstitisyon an.</p> <p>Ekip Direksyon ki Pataje ak EMK te dirije devlopman demann renouvèlman an. Ekip la gen 24 manm pèsonel reprezantatif nan divès gwoup etidyan (12 Nwa, 7 Blan, ak 5 Latinx), e li gen ladan moun ki gen ekspètiz nan edikasyon espesyal ak elèv k ap aprann Angle.</p>
<p>2. Adaptasyon ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon/efò a koresponn ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>EMK se yon lekòl admisyon l fèt atravè lotri ki gen 100 plas disponib chak ane, ak yon lis datant ki gen plis pase 400 elèv chak ane. EMK se yon lekòl Nivo 1 dapre kalite modèl lekòl BPS yo. Li adapte sou priyorite plan estratejik distri a konsènan refòm nivo klas yo, ansèyman pwofesyonèl, teknik ak preparasyon pou etid siperyè.</p>
<p>3. Analiz done yo <i>Ki done yo te analize? Èske li te divize selon ras ak lòt gwoup enpòtan? Ki sa li te montre konsènan disparite yo?</i></p>	<p>Elèv EMK yo se 56% Latino, 36% Nwa, 3% Blan, ak 1% Azyatik. EMK pibliye yon Sondaj Panorama chak ane bay elèv, anplwaye, fanmi ak manm konsèy la. Rezilta yo te itilize pou devlope demann renouvèlman nou an, ki gen ladan yon analiz pou egzijans lekòl la, sekirite, relasyon pwofesè elèv, estreteji aprantisaj, angajman ak klima. Done yo te divize selon ras, sèks, klas, ti gwoup SpEd ak EL.</p>

	<p>“Angajman Eskolè” ak “Entegrasyon Eskolè” se te de domèn ki pi ba, espesyalman pou elèv SpEd ak EL. Pou abòde sa, nan mwa septanm 2021, lekòl la te anboche de anseyan pedagogik nan tan pasyèl pou ede pwofesè yo bay leson enteresan nan klas yo, de dwayen kilti eskolè, ak de travayè sosyal pou sipòte bezwen sosyal ak emosyonèl elèv yo.</p> <p>Nan dènye ane yo, rezilta akademik EMK yo pa montre okenn diferans ki baze sou ras oswa estati SpEd oswa EL. Aktyèlman defi nou an se sipòte tout elèv nou yo pou yo retabli yo sou enpak negatif pandemi an te gen sou aprantisaj.</p>
<p>4. Angajman Patnè ki konsène yo <i>Ki moun ki te angaje (kantite, gwoup prensipal ak wòl) ak kòman e kijan sa te bay? Ki sa etidyan/fanmi ki pi afekte nan pwopozisyon/efò sa a te di?</i></p>	<p>Demann renouvèlman an te devlope ak opinyon tout moun ki gen enterè EMK yo kòm yon pati nan pwosesis Planifikasyon Estratejik nou an pandan premye semès 2022 a. Sondaj, gwoup konvèsasyon yo ak entèvyou yo te rasanble lide ak kòmantè nan men elèv yo, fanmi yo, manm pèsònèl anseyan ak manm ki pa ansèyman, administratè lekòl ak ekip direktwa pataje. Avèk sipò lyezon fanmi nou an, nou gen yon Konsèy Paran ki solid ki reyini chak mwa. Anplis de sa, nou fè konferans chak trimès pou paran/pwofesè yo.</p> <p>Sondaj 2022 sou klima famiyal, Panorama EMK endike se yon lekòl ki akeyan e aksesib ki chita sou bon kominikasyon avèk fanmi yo. Fanmi yo rapòte yon sans apatenans nan EMK ak yon repons jeneralman favorab 82% konsènan angajman. Sa verite pou fanmi yo atravè ras ak etnisite, nivo klas ak ti gwoup sèks yo.</p> <p>Sondaj sou klima famiyal la revele pi gwo enkyetid nan domèn konpòtman aprantisaj ak yon nòt apwobasyon jeneral 47% nan tout kategori ras, etnisite ak nivo klas yo. Nan domèn sa a, fanmi yo rekonèt aprantisaj elèv yo afekte akoz difikilte ki gen rapò avèk pèsèverans, òganizasyon, efò, distraksyon, motivasyon, patikilyèman nan moman pandemi an.</p> <p>Reyaksyon sou sondaj Panorama 2022 sou klima elèv EMK te trè pozitif nan domèn atant solid yo, relasyon elèv pwofesè ak sekirite lekòl la. Nou kontinye chèche reyaksyon fòmèl ak enfòmèl nan men elèv yo, sitou sou pwogram konsèy ak patenarya nou yo ki enpòtan anpil pou elèv yo ak klima elèv yo. Nou fè efò pou nou toujou adapte efò sa yo pou n pi byen sèvi bezwen elèv yo apre pandemi an.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon/efò sa a diminye disparite a epi ogmante ekite rasyal ak lòt ekite? Ki konsekans envolontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral avanse ekite a plis?</i></p>	<p>Nan mwa septanm 2019, EMK te kòmanse fè patenarya ak sant ranfòsman resous yo, Diminye Risk yo. BARR sèvi ak yon modèl ki baze sou fòs pou ede elèv yo fè tranzisyon epi reyisi pandan tout kat ane lekòl segondè yo. BARR ak EMK travay ansanm pou devlope relasyon entansyonèl epi sèvi ak done elèv yo nan tan reyèl pou rezoud pwoblèm kolaborasyon pou gide sipò elèv yo. Chak elèv EMK rankontre chak semèn ak yon konseye BARR pou diskite sou nòt, prezans ak byennèt jeneral anndan ak deyò lekòl la.</p> <p>Nan mwa septanm 2021, EMK te anboche kat espesyalis pou sipò elèv yo, youn pou chak nivo klas, pou adrese espesifikman bezwen akademik yo. Espesyalis pou bay elèv yo sipò, sipòte dirèkteman elèv ki bezwen sipò ak entèvansyon Nivo 2 ak 3, epi kominike enkyetid, pwoblèm ak bezwen elèv yo bay konseye BARR yo ak Ekip Sipò Elèv la.</p> <p>EMK te devlope yon Gwoup Travay sou Ekite pou adrese diferans epi ranfòse misyon ak kwayans debaz lekòl nou an ki deja egziste. EMK ap eksplòre sa, sa vle di pou l bay yon anviwònman aprantisaj ki favorab, ankouraje respè ak anbrase divèsite rasyal yo ak lòt fòm divèsite. Gwoup Travay la gen pou objektif pou sèvi ak Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la ak lòt estrateji pou kreye objektif</p>

	<p>konkrè kap ankouraje yon kominote aprantisaj ki akeyan non sèlman nan nivo rasyal ak etnisite, men tou nan domèn sèks, kilti, relijyon, laj, andikap, sitiyaasyon migratwa, oryantasyon sèksyèl, eksperyans ak kontèks. Gwoup Travay la ap chèche anbrase divèsite elèv nou yo ak fanmi yo, youn sipòte lòt kòm kòlèg, epi pwolonje afeksyon sa a pi lwen pase mi lekòl yo pou kominote ekstèn nou yo. Finalman, objektif gwoup sa a se ankouraje kwasans kominote a nan respè ki touche tout aspè lavi a nan EMK.</p>
<p>6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki enpak bidjè yo? Ki jan aplikasyon an pral asire tout objektif, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite yo reyalize? Ki idantite gwoup yo nan ekip aplikasyon an, epi yo pral pote yon apwòch ekite?</i></p>	<p>Renouvèlman lisans lan pa pral chanje repatisyon bidjè EMK. Aplikasyon lisans lan ap kontinye konsantre sou objektif ki gen rapò ak ekite, jan sa dekri pi wo a epi li pral dirije nan menm ekip divèsifye ak yon apwòch ekite solid.</p>
<p>7. Responsabilite & Kominikasyon <i>Ki jan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike bay moun ki gen enterè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>An echanj pou yon otonomi wo nivo, DESE rann lekòl Charter Horace Mann responsab rezilta yo sou yon baz kontinyèl. Ogmantasyon fleksibilite a ansanm ak plis responsabilite bay tout aspè sipèvizyon DESE a. Evalyasyon siksè lekòl la nan twa domèn oryantasyon (Fidelite nan Kontra, Siksè Pwogrè Akademik, ak Dirabilite òganizasyonèl) ki baze sou yon varyete enfòmasyon EMK bay regilyèman. Direktè lekòl la ap kontinye bay elèv nou yo, fanmi yo, anplwaye yo ak Konsèy Administrasyon nou yo enfòmasyon sou responsablite yo.</p>